



IISS MALANG

Moving Forward With the World

Preian Menyang Pulo Dewata

Nama: _____

Kelas: _____



Crita Narasi

Preian Menyang Pulo Dewata

Nalika preian sekolah semester ganjil wingi, aku lan kulawargaku plesiran menyang Pulo Dewata, Bali. Iki minangka pengalaman sing ora bakal tak lalekake amarga sepisanan aku menyang kana. Aku lan kulawargaku budhal saka omah jam 06.00 esuk nggunakake mobil pribadi. Perjalanan darat iku butuh wektu sing suwe, nanging ati rasane seneng banget. Rute sing diliwati yaiku Pantura banjur nyebrang nganggo kapal feri ing Pelabuhan Ketapang menyang Gilimanuk. Ing dhuwur kapal, aku lan adhi-adhiku ndeleng pemandangan segara sing amba lan ngrasakake angin segara sing seger.

Tekan Bali, hawa rasane beda, luwih krasa budayane. Tujuan sepisanan yaiku Pantai Kuta. Ing kana, aku lan kulawarga ndeleng sunset utawa srengenge surup sing sesawangane apik banget. Pasire putih lan ombake cocok kanggo dolanan banyu. Dina kapindho, aku menyang Tanah Lot. Pura sing ana ing dhuwur karang pinggir segara iku katon megah. Aku sempet foto-foto lan tuku oleh-oleh khas Bali kanggo kanca ing omah. Ora lali, aku uga nyicipi kuliner khas Bali sing rasane pedhes lan gurih. Preian telung dina ing Bali rasane cepet banget. Senajan kesel, nanging aku seneng banget bisa ngrasakake kaendahan alam lan budaya ing Pulo Dewata. Pengalaman iki bakal dadi kenangan sing paling nyenengake.




Urutna Gambar Miturut Critane!

1




Nalika preian
sekolah semester
ganjil wingi, aku lan
kulawargaku
plesiran menyang
Pulo Dewata, Bali.

2




Aku lan
kulawargaku saka
omah jam 06.00
esuk nggunakake
mobil pribadi.

3



Ing dhuwur kapal,
aku lan adhi-adhiku
ndeleng
pemandangan
segara

4



Tujuan sepisanan
yaiku Pantai Kuta.
Ing kana, aku lan
kulawarga ndelen
srengenge surup
sing sesawangane
apik banget.

5



Dina kapindho, aku
menyang Tanah Lot.
Pura sing ana ing
dhuwur karang
pinggir segara iku
katon megah.

6



Aku tuku oleh-oleh
khas Bali kanggo
kanca ing omah lan
nyicipi kuliner khas
Bali sing rasane
pedhes lan gurih.

“Tariken gambar
menyang kothak
sing bener manut
urutan crita!”





Wangsulana!

- Jawablah pertanyaan di bawah ini dengan benar dan teliti!

1. Nalika preian apa aku lan kulawargaku plesiran menyang Pulo Dewata?

Jawab:

2. Pulo Dewata iku jenenge pulo apa?

Jawab:

3. Jam pira aku lan kulawargaku budhal saka omah?

Jawab:

4. Kendaraan apa sing digunakake kanggo lelungan menyang Bali?

Jawab:

5. Saka Pelabuhan endi kapal feri budhal menyang Gilimanuk?

Jawab:



Wangsulana!

6. Apa sing dideleng aku lan adhi-adhiku nalika ana ing dhuwur kapal?

Jawab:

7. Tujuan wisata sepisanan nalika tekan Bali yaiku ing endi?

Jawab:

8. Kepriye kahanan pasir lan ombak ing Pantai Kuta?

Jawab:

9. Dina kapindho aku menyang papan wisata apa?

Jawab:

10. Apa sing nggawe preian ing Pulo Dewata dadi pengalaman sing nyenengake?

Jawab:
